


IGICE CA 7  
UBUNUGISHWA  
BWA KRISTO

---

INYUMA YA ERISHA, IMANA YARAHAGURUKIJE ABANDI BAVUGISHWA, NKA YESAYA, YEREMIYA NA AMOS, BAHAMAGARIRA ABANTU KUVA MU GUSENGA IBIGIRWAMANA NO KUVA MU CAHA. IMANA IVUGA ICIYE KURI ABO BAVUGISHWA, BANDIKA UBUVUGISHWA BWINSHI BW'IBINTU BIGIYE KUZA.

YESAYA YARI UMUVUGISHWA KU BAMI UZIYA, YOTAMU, AHAZI, NA HEZEKIYA (UGERERANIJE NK'IMYAKA 760-700 IMBERE YA KRISTO) IMANA IRAVUGA BICIYE KURI YESAYA "NARAGABURIYE NONGERA NDARERA ABANA, ARIKO BARANGUMUKANYE. INKA NAHO ITAVUGA IRAMENYA SHEBUJA, ARIKO ISIRAYERI NTINZI. MURI IHANGA RIKORA IVYAHA, UBWOKO BWUZUYE IBIGABITANYO, ABANA B'ABAKORA IBIBI..."




"NIMWASHIRA KU RUHANDE IKIBI  
CANYU, HAMA MUGATABARA  
LWUKANDAMIJWE, MUKITAHU  
ABADAFISE ABAVYEYI,  
MUGATEGEKANIRIZA  
ABAPFAKAZI, NZOBANAGURA  
NONGER NDABAKIZE, ARIKO  
NIMUTAMPINDUKIRIRA,  
INKOTA IZOBARIGITA. UBUTAKA  
BWANYU BUZONYARWA,  
HAMA N'IBISAGARA VYANYU  
BIZOTURIRWA N'UMURIRO.  
HANYUMA BAZOFATA  
ABAHUNGU BANYU BOSE,  
HAMA BAZOCA BABA ABAJA  
BO GUKORA KU KIRIMBA MU  
BWAMI I BABURONI. "





YESAYA 1:2-4, 7, 6, 20,  
39:7. YEREMIYA 21:8-10

YEREMIYA YARI UMUVUGISHWA  
KU NTWARO Y'ABAMI YOZIYA,  
YEHOYAKIMU, NA ZEDEKIYA ( UGERERANIJE NK'IMYAKA 630-590  
IMBERE YA KRISTO) ARAVUGA ATI,  
"UKU NIKO UMWAMI MANA AGIZE,  
BAKUNDWA, NDASHIZE IMBERE  
YANYU INZIRA Y'UBUGINGO, N'INZIRA  
Y'URUPFU. UWUZOGUMA MURI IKI  
GISAGARA AZOKWICWA N'INKOTA,  
AMAPFA HAMWE N'IBIMURWANYA:ARIKO  
UWUZOSOHOKA AKARWA KURI IVYO  
BABATSIKAMYEKO AZOBAHO ARIKO  
AZOBA UMUGURANO W'I BABURONI.  
KUKO NAMAZE GUKURA AMASO KURI IKI  
GISAGARA KUBW'IKIBI, NIKO UMWAMI  
MANA AVUZE;KIGIYE GUSHIRWA MU  
BIGANZA VY'UMWAMI W'I BABURONI,  
KANDI AZOGITURIZA UMURIRO. "



UMWAMI MANA  
AVUGISHA YEREMIYA  
HANYUMA AVUGA  
ATI; "KANDI  
JEWELIBWANJE  
NZOBARWANYA  
NKORESHEJE  
IKIGANZA KIRAMVUYE,  
HAMWE N'UKUBOKO  
GUKOMEYE, NO MU  
BURAKE, MW'ISHAVU  
HAMWE N'INZIGA  
IDASANZWE.

HAMA NZOCURA ABANTU BABA MURI IKI GISAGARA, ABANTU MBERE HAMWE N'IBIKOKO; BAZICWA BAPFE MW'IHORWA N'UBUSA RIDASANZWE RIKOMEYE. HANYUMA INYUMA Y'IVYO NIKO UMWAMI MANA AVUZE, NZOCUNGURA ZEDEKIYA UMWAMI W'I BUYUDA, ABAKOZI BIWE, ABANTU, KUGIRA NGO BASIGARE MURI IKI GISAGARA MURI IRYO HORWA N'UBUSA, BAKIRE INKOTA, AMAPFA, BAJE MU MINWE Y'UMWAMI NEBUKADINEZA UMWAMI W'I BABURONI, HANYUMA BONGERE BAJE MU MINWE Y'ABANSI BABO, NO MU MINWE YA BARYA BOSE BARONDERA UBUZIMA BWABO, HAMA ACE ABAKEBESHA BOSE UBUGI BW'INKOTA, NTAZOBARINDA, NTAZOBUMVIRA IKIGONGWE CANKE NGO ABABARIRE. ISHAVU RYANJE RIKAZE RIZORURUMBA NKA KURYA K'UMURIRO KANDI NTIRIZOHERA. BAZOBATWARA NK'INYAGANO BABATWARE I BABURONI, HANYUMA BABACUMITISHE INKOTA. BENSHI MU BAZOGENDA I BABURONI BAZOPFA KANDI BAZOBAMHIRAYO. "



AMOSI YARI  
LUMUVUGISHWA KU  
BAMI UZIYA HAMWE  
NA YEROBOWAMU  
(UGERERANIJE  
NK'IMYAKA 765-750  
IMBERE YA KRISTO)  
IMANA IRAVUGA BICIYE  
KURI AMOSI, "ABAGORE  
BANYU BAMEZE  
NK'INKA, BARONDERA  
ABAGABO KUGIRA GUSA  
BABIHERA IVYO BANYWA.  
NTIMUZOSUBIRA KUGANZA  
KANDI ABAGABO BANYU.  
MUZOSANZARA NK'INZIGE  
HANYUMA MUJE KUBA  
INYAGANO I BABURONI. "



"MWIYICARIRA KU NTEBE  
ZIZIMVYE HANYUMA  
MUKIRIRA INRYA ZIVYIBUSHA.  
MWIYUMVIRIRIZA IMIZIKI MU  
GIHE MUBA MURIKO MURANYWA  
IMIVINYU KU BWINSHI.  
LUBIGOROROTSI MWARABUTEREYE  
HASI, MWARAKANDAMIJE  
ABAKENE, MURENGANYA  
ABAGOROROTSI, MURYA  
IBITURIRE, HANYUMA NTIMWACIRA  
IMANZA ZIRORANYE ABAKENE.  
MUZOTERA INZABIBU ARIKO  
ABANSI BANYU NIBO BAZONYWA  
KU MIVINYU IZOVA MURI ZO.  
IGISIRIKARE CANYU KIZOSAMBUKA  
HANYUMA MUZOTWARWA  
KURE MUBE INYAGANO MU  
GIHUGU C'AMAHANGA. "



IMANA IRAVUZE ITI,  
" NZOSANGANGURA  
IGICANIRO C'I BETERI  
HANYUMA AMAZU  
YANYU Y'URUSHANA  
NDAYASAMBURE HASIGARE  
AY'ICI. MUKANDAMIZA  
ABAKENE, MURYA  
IBITURIRE, HANYUMA  
MUGAHONYANGA BARYA  
VYUKURI BAKENEYE  
GUFASHWA. NANYEGEJE  
IMVURA, NDUNGIKA  
AMAPFA, NDUNGIKA  
INGWARA ARIKO N'UBU  
NTIMURIHANA. MWITERERA  
INZABIBU KUGIRA MUNYWE  
IMIVINYU GUSA ARIKO  
NTIMUZOYINYWA. "



AMOSI 4-6

MAWE,  
NDASHONJE.

IMYAKA 753  
IMBERE YA  
KRISTO


HOSEYA YARI UMUVUGISHWA KU NTWARO Y'ABAMI UZIYA, YOTAMU, AHAZI NA HEZEKIYA (UGERERANIJE IMYAKA 785-725 IMBERE YA KRISTO)ARAVUGISHWA, "ISIRAYERI IZOGWISHWA HASI N'INKOTA, ABANA BAYO BATO BAZOSHIRWA VUBA HASI HANYUMA ABAKENYEZI BIBUNGENZE BAZOFATWA KU NGUVU KU MUGARAGARO. "



"UMUSI UZOZA AHO IMANA IZOHARIRA IVYAHA VYIWE. HAMA IZOKUNDA ISIRAYERI IVYISHAKIYE. KANDI ISIRAYERI IZOTOTAHARA. IZOTUNGANIRWA NK'IGITI CA ERAYONO HAMA IGIRE UMUBAVU NK'ISEDERI RYO MURI RIBANI. "



"MU MYAKA IGIYE KUZA, INYUMA YA BABIRONI, MUZOSANZARA MUJE MU BIHUGU BITANDUKANYE HANYUMA BABAHAME, BAFATE AMATONGO YANYU, HANYUMA MUBURE NAHO KURYAMA. "




BATWAYE  
IBINTU VYOSE.  
KUBERA IKI  
BATAZODUSIGA  
TWE NYENE?

IBI  
BIZOTUMA  
TUZIMBWA.  
SINZOBIKUNDA  
NINABONA ABAYUDA  
BAGIYE. BARI  
ABANTU BAZI NEZA  
URUDANDAZWA.

**MAWE,  
TUZOBA HEHE?**

IBI RERO BISIGURA KO  
ABAYUDA BAGIYE GUSOHOKA  
IGIHUGU MU KIRINGO C'IMISI  
ITATU GUSA!

YESAYA 10:21, IGICE CA 35, 51:11, YEREMIYA 30:11, EZEKIYERI 17:21,  
HOSEYA 13:16, 14:1-6, YOWERI 3:2



TWISUNZE IKI CANDITSWE,  
ABAYUDA BOSE BATEGEREZWA  
GUSOHOKA IGIHUGU KANDI NTA KINTU  
NA KIMWE BAMEREWE GUTWARA.


IYI  
NKA NUKURI  
NARI NAMYE  
NDAYISHAKA.

KUKO IHANGA RYA ISIRAYERI RYATAYE  
IJAMBO RY'IMANA, BAGIYE GUSHWIRAGIRA MU  
MAHANGA YOSE YO KW'ISI, ARIKO NTIBAZIGERA  
BARONKA AKARUHUKO GUSHIKA AHO IMANA  
IZOBAGARUKANA KU BUTAKA BWA BA SE.

"UBUTAKA BWA ISIRAYERI BUZOSIGARA BUGARAGARA, HANYUMA MUZOKORERA UMWAMI W'I BABURONI IMYAKA MIRONGO INDWI. HANYUMA INYUMA Y'IMYAKA MIRONGO INDWI, NZOHANA BABURONI KUBWO IBIGABITANYO VYAYO HANYUMA BIBAGARUKANE KU BUTAKA KUGIRA BABWUBAKE KANDI. "



"YERUSAREMU NAYO NYENE IZOKWIBAGIRWA GUSHIKA NAHO IRIMWA NKA KURYA KW'UMURIMA. "



UBU BUVUGISHWA VYUKURI BURASHIKA  
UMWANSI VYUKURI ARARIMA  
YERUSAREMU. ARIKO MU MISI YA  
NYUMA INGORO IZOSUBIRA KUBAKWA,  
HAMA ABANTU BAREREMBE KURI YO.

UMUVUGISHWA MIKA YABAYEHO  
KUVA MU MWAKA WA 750-  
686 IMBERE YA KRISTO Nawe  
NYENE ARAVUGISHWA:

"KANDI AMAHANGA  
MENSHI AZOZA,  
ARAVUGA KANDI,  
AZOZA, HAMA REKA  
TUGENDE TUDUGE KU  
MUSOZI W'UMWAMI  
MANA, HANYUMA  
TUJE MU NZU  
Y'IMANA YA YAKOBO;  
HANYUMA IZOCA  
ITWIGISHA INZIRA  
ZAYO, HANYUMA DUCE  
TUZIGENDERAMWO;  
KUK'IBWIRIZWA  
RIZOKWITANGIRA  
IMBERE SIYONI,  
HANYUMA IJAMBO  
RY'UMWAMI MANA  
RIVE I YERUSAREMU. "




"HANYUMA AZOCA URUBANZA ARI MU  
BANTU BENSHI, HAMA AHANE AMAHANGA  
AKOMEYE ARI KURE YAYO, HANYUMA  
BAZOKUBITA AMACUMU YABO BAYASHIRE  
AHO BABIKA IBIKORESHO VYO KURIMA  
N'IMIHE TO BAGIRE UKO NYENE.



NTA HANGA  
RIZOKORESHA ICUMU  
NGO RIRWANYE  
IRINDI HANGA,  
NTA N'INTAMBARA  
IZOSUBIRA KUBA.  
ARIKO UMUNTU  
WESE AZOKWICARA  
MUSI Y'URUZABIBU  
CANKE Y'IGITI  
CAHO, KANDI NTA  
WUZOTERA UBWOBA  
LWUNDI, KUKO ARI  
AKANWA KW'UMWAMI  
MANA KABIVUZE. "

YEREMIYA 25:11-12,  
MIKA 3:12, 4:1-7



"HANYUMA  
TUZOGENDERA  
MW'IZINA  
RY'UMWAMI MANA  
IMANA YACU, IBIHE  
N'IBIHE. KURI URYA  
MUSI, UMWAMI  
MANA AVUGA ATI,  
NZOKWEGERANYA  
ICAGIYE HAMA  
NDAKIGIRE IHANGA  
RIKOMEYE;  
HANYUMA  
UMWAMI MANA  
AZOBARONGORA  
KU MUSOZI  
SIYONI KUVA ICO  
GIHE GUSHITSA  
IBIHE N'IBIHE. "

YEREMIYA N'ABANDI NABO  
NYENE BARAVUGISHWA;



INYUMA Y'IMYAKA 70, BABIRONI  
IZONYARWA N'IGISIRIKARE CO MU  
BURARUKO KANDI IGICE C'ABANTU BACU  
KIZOSUBIRA KU BUTAKA BWACO KWUBAKA  
KANDI IGISAGARA HAMWE N'INGORO. "

"UMWAMI  
ZEDEKIYA YAKOZE  
IKIBI MU NYONGA  
Z'UMWAMI MANA.  
NTAZOKWICWA.  
AZOGENDA I  
BABIRONI AHO  
AZOBANAYO  
N'ABANTU BIWE,  
ARIKO N'AMASO  
YIWE NTAZOSUBIRA  
KUBONA BABIRONI.  
AZOGIRA LBUHUMYI.  
UZOGUMA HARIYA  
I BABIRONI  
MU KIRINGO  
C'IMYAKA 70. "

"INYUMA Y'IGIHE CO GUCIRWA URLUBANZA,  
IMANA IZOHARIRA IVYAHA VYABO  
HANYUMA YERUSAREMU IZOSUBIRA  
IBEMWO ABANTU B'URLUNGANWE  
RUTANDUKANYE RUZOZA RURAZA. "

"AKIRA IKI GITABO  
UGITWARE I BABIRONI,  
UGISOMEREYO IMBERE  
Y'ABANTU. UBAMENYESHE  
IVYO BATEGEREZWA  
KWIHANGANIRA IMBERE  
YUKO BAZOGARUKA. "

"NZONAGURA INGANJI YA DAWIDI  
HANYUMA MUZOGARUKA MWONGERE  
MUSHIKIRE UBUTAKA BWANYU. "




EZEKIYERI  
ARAVUGISHWA: "BAZOSHWIRAGIZWA  
MU MAHANGA, ARIKO NKUKO IMANA  
YABASHWIRAGIJE IZOBAGARUKANA  
KANDI KU BUTAKA BWABO. "




YEREMIYA 34:3, 39:7, 51:60-61, 52:11,  
EZEKIYERI 12:13-16,  
YOWERI 3:20-21. AMOSI 9:11-15

"IMANA  
YARASEZERANIYE  
ABURAHAMU KO  
ABAZOMUKOMOKAKO  
BAZOBA KU BUTAKA  
BABUGUMANA IBIHE  
N'IBIHE, KANDI  
NTISHOBORA  
KUDASHITSA IVYO  
YASEZERANYE. ARIKO  
IGIHE ABANTU BABAYE  
ABANYAVYAHA,  
IMANA IZOTUMA  
BABA INYAGANO  
MU MAHANGA AHO  
BAKORERA IZINDI  
MANA, ARIKO KU MPERA  
YAVYO KW'HEREZO  
IZOBAGARUKANA. "



“EGIPTA NAYO NYENE  
IZOCIRWA URUBANZA NA  
BABIRONI, HAMA MU KIRINGO  
C’IMYAKA 40 EGIPTA  
IZOTABWA. NIYAMARA  
KUVA I BABIRONI, EGIPTA  
NTIZOSUBIRA KUBA IYIKOMEYE  
NKUKO YAHORA MBERE,  
ARIKO IZOHAGARARA GUSHIKA  
KW’IHEREZO. HANYUMA MU  
MISI YA NYUMA EGIPTA  
NA ASIRIYA BAZOSHIKIRA  
UBWOKO BWANJE BWA  
ISIRAYERI MU MASEZERANO  
Y’AMAHORO, HANYUMA  
NZOCA NDABAHEZAGIRA. ”






"FIRISITIYA IZOSAMBURWA NTISUBIRE NO KUBAHO. CO KIMWE NA ASHEDODI, EKURONI, NA AMONI NTIBIZOSUBIRA KUBAHO. EDOMU IZOTABWA. TIRO IZOSAMBURWA HANYUMA AMABUYE YOSE YAYO N'IMBAHO BIZOCA BITABWA MU KIYAGA. NTA MUNTU N'UMWE AZOSUBIRA KUBAYO KANDI LIBUTAKA BUZOCA BUNYERERA NKA KURYA KW'IBUYE, KIZOBA IKIBANZA C'ABAROVYI BATERERA INSENGA ZABO GUSA. "

“ARIKO PERESI(IRANI), TURUKIYA,  
ETIYOPIYA, NA RIBIYA BIZOGUMAHO  
GUSHIKA KW’IHEREZO, HAZOGERA  
ARIKO IGIHE BAZOSHAKA KUZA  
KU BUTAKA BWA ISIRAYERI,  
ARIKO BAZOCA BAPFIRA KU  
MISOZI YA ISIRAYERI. ”





BIBIRIYA YAMA ARI INYIZIGIRWA KU BUVUGISHWA  
BWAYO BWINSHI. IBISAGARA N'AMAHANGA  
YAVUGISHIJWEKO KO BITAZOSUBIRA  
KUBAHO VYABIGENDEYE UKO NYENE.  
AMAHANGA NAYO YAVUGISHIJWEKO KO  
AZOGUMAHO GUSHIKA KW'IHEREZO ARACARI  
KUMWE NATWE GUSHIKA UNO MUSI.


YEREMIYA 25:15-26, EZEKIYERI 25,  
26:15:19, 29:12-16, 30:1-8, AMOSI 1



IMYAKA 605 IMBERE  
YA KRISTO, ISIRAYERI  
INYARWA NA BABIRONI  
NKUKO ABAVUGISHWA  
BABIVUZE MBERE.



OH MWAMI MANA,  
KUBW'IVYAHA VYA BA  
DATA TURIKO TURAHANWA.  
DUFASHE TWUMVIRE  
ITEGEKO RYAWA N'AHA  
NYENE MU MAHANGA.




ABAYUDA BARENGA 5 000 BATWARWA I  
BABURONI BABA IMBOHE Z'INTAMBARA.  
BAZANA ABATO N'ABIZE, BIZERA KO BAZOBA  
INGIRA KAMARO MU BWAMI. MURI ABO  
HARIMWO UMUYABAGA W'UMUSORE YITWA  
DANIYERI. YAMA IMISI YOSE YUBAHA  
AMABWIRIZWA HAMA AKAGENDERA MU  
KWUMVIRA IMANA YA ABURAHAMU.




TURAGUSHIMA,  
MWAMI MANA  
WO MW'IJURU  
N'ISI, UMWAMI  
W'AMAHANGA,  
KO WADUHAYE  
UMUKATE NGAHA  
KW'ISI.

DANIYERI YARI IMBOHE MU MAHANGA, ARIKO  
AFATA INGINGO YO KUBA UMWIZIGIRWA  
IMBERE Y'IMANA. ABARI BARAMUNYAZE  
BABONA KO AMEZE NEZA MU MPWEMU,  
HANYUMA BAMUSHIRA MU KIBANZA GIKOMEYE  
NKUMWE MU BANYABWENGE B'I BABURONI.



NEBUKADINEZA  
UMWAMI W'I BABURONI  
AVYURWA N'INDOTO  
ATARI AMENYEREYE.

IBI BISIGURA IKI?  
NUKURI IYI NDOTO  
IRUNGITSWE N'IMANA KUGIRA  
ZISOBANURE IBIJANYE NA  
KAZOZA.



MURI  
ABANYABWENGE. MUVUGA  
KO IMANA ZIBABWIRA IBINTU.  
LUBU RERO NIMUMBWIRE IVYO  
NAROSE MUCE MUMBWIRA  
NICO BISIGURA.

ARIKO  
NI GUTE USHAKA  
KO TUKUBWIRA  
INSIGURO Y'INDOTO  
UTARATUBWIRA  
INDOTO LIBWAYO?  
NTA NUMWE  
ASHOBORA  
KUBIKORA URETSE  
IMANA.



NARI NDABIZI KO  
MWESE MUTABAHO. IMANA  
NTIBAVUGISHA. MWESE MUGIYE  
KWICWA HAMWE N'IMIRYANGO  
YANYU, HANYUMA AMAZU  
YANYU ACIKE NK'IBIRLUNDO  
VY'UMWAVU.

UMBABARIRE, DANIERI,  
ARIKO WEWE EJO NA BARYA  
BANYABWENGE BAVA I BABIRONI  
MUZOKERERWA. UMWAMI NTIYZERA  
ABAHEREZI BIWE.



ARIKO YEHOVA  
IMANA IRASHOBORA  
GUHISHURA INDOTO  
Y'UMWAMI IKANATANGA  
N'INSIGURO YAYO.  
NTEGEREZA KWIHERERA  
NSENGE. RABA UGENDE  
UMUBWIRE ARINDIRE  
BASI UMUSI UMWE.

MWAMI MANA,  
WEWE WENYENE  
URI IMANA KANDI  
URI UMWAMI  
W'AMAHANGA.  
NDAKWINGINZE  
WEREKE UMUSAVYI  
WAVE IBINTU BIGIYE  
KUZOBA. NTA MANA  
N'IMWE IHWANYE  
NAWE.

DANIYERI,  
NYUMVIRIZA...








**VUBA,  
NTWARA KU  
MWAMI!**

**NUTABWIRA  
UMWAMI IBIJANYE  
N'INDOTO, AZA  
KUNYICIRA AHO  
NYENE.**



OH MWAMI,  
URI UMWAMI  
W'ABAMI, KUKO  
IMANA YO MW'IJURU  
YABIGIZE UKO.  
YAGUHAYE IYEREKWA  
Y'IBIZOBA MU MISI  
YA NYUMA.

IMANA Y'UKURI,  
UMUREMYI W'AMAHANGA,  
YAHISHURIYE INDOTO Yawe  
UMUSAVYI Wawe.

REKA KUNTESHA  
UMWANYA.  
URAMBWIRA  
INDOTO YANJE  
CANKE NTAYO  
UMBWIRA?

DANIYERI  
2:12-30



OOO MWAMI,  
WABONYE  
IYEREKWA RY'IGICAPO  
KININI GIKOMEYE.  
ICO GICAPO GISIGURA  
UBWAMI BWAVE  
HAMWE N'UBUNDI  
BWAMI BUTATU  
BUZOKURIKIRA.


NIVYO!  
NTA NUMWE  
NABIBWIYE!  
IMANA YAVE  
NIYO MANA  
YONYENE.



URI UMUTWE W'IKI  
GISHUSHANYO C'INZAHABU,  
UMWAMI W'ABAMI. IMBERE YUKO  
UNYAGA YUDAYA, ABAVUGISHWA  
BACU BARATUBWIYE KO IMANA IGIYE  
KUDUCIRA URUBANZA KUBWO IVYAHA  
VYACU HANYUMA IGIHE UBWAMI. UBU  
RERO, INGANJI Yawe IGIYE KUBA  
IY'UBWIZA.



IGIKIRIZA C'UMUJUMBU  
GISIGURA UBUNDI BWAMI, ABAMEDI  
N'ABAPERESI. INYUMA Y'URUPFU  
RWAVE, BAZONYAGA BABIRONI  
HANYUMA BATWARE ISI YOSE NKUKO  
NAWE UBIFISE UBU.



OOO MWAMI,  
INYUMA Y'UMUTWE  
W'INZAHABU N'IGIKIRIZA  
C'UMUJUMBU WARABONYE  
UMUKABA W'UMURINGA. URYA  
MURINGA USOBANURA UBWAMI  
BWA GATATU, GIRISHIYANI.  
UBWO RERO BUZOZA INYUMA  
Y'UBWO ABAPERESI KANDI  
BUZOBA UBWIHUTA KANDI  
BUKAZE.

UBWAMI BWA KANE  
BUZOBA UBUTANDUKANYE  
N'UBUNDI, AMAGURU AKOZWE MU  
VYUMA, AZOHAGARARA HANYUMA  
AMANYAGURE MU DUPANDE  
AMAHANGA MENSHI. ARIKO WABONYE  
KO AMANO Y'IVYUMA YARI ACANZE  
N'IBUMBA. MU MISI YA NYUMA  
UBWAMI BUZOGABURWA, IMICE  
CUMI HANYUMA BITUMEN BUCIKA  
INTEGE.



RERO, OOO MWAMI,  
WABONYE IBLIYE RIJE RIVA KU  
MUSOZI, ARIKO RIDATEWE NGO RIVE  
MU NTOKE Z'UMUNTU. RYAMANUTSE  
RIVA KU MUSOZI HANYUMA RICA RIJA  
KU BIRENGE VY'IGICAPO HANYUMA  
RICA RISAMBURA LIBWAMI BWOSE  
MU MWANYA MUTOYA.





RIRYA BUYE  
RISOBANURA  
UMWANA  
W'IMANA AZOZA  
KW'ISI HANYUMA  
ASHIREHO  
LIBWAMI  
BW'LIBWIZA.

MU MPERA Y'IBIHE,  
ABAPFUYE BOSE  
BAZOVYURWA HANYUMA  
BAHAGARARE KUGIRA BACIRWE  
URUBANZA. ABAKOZE IBIBI  
BAKIRE UKUMARAMARA  
HANYUMA BACIRWE URUBANZA  
RW'IBIHE BIDASHIRA.  
ABAKOZE IVYZA BAKIRE  
UBUGINGO BUDASHIRA.



ATA KIBAZO,  
AMAJAMBO LIVUZE AVUYE KU  
MANA. NTA KUNDI KUNTU WOBA  
WAMENYE INDOTO YANJE MU  
BURYO BWIRAMVUYE? NZOCA  
NKLIGIRA UWURONGORA BARYA  
BANYABWENGE BOSE.



DANIYERI AGUMA I BABURONI IMYAKA  
68 IRASHIKA. ASOBANURA INDOTO  
NYINSHI HANYUMA AKANAVUGA  
IBIZOBA MURI KAZOZA KENSHI. MBERE,  
UMWAMI NEBUKADINEZA ARAPFA  
HACA HATWARA UMUHUNGU WIWE  
BERUSHAZA MU KIBANZA CIWE.

IJORO RIMWE BERUSHAZA YARIKO  
ARAGIRA UMUSI MUKURU WO  
KUNYWA, IKIGANZA C'IGITANGAZA  
KIRAZA CANDIKA KU RUHOME.  
DANIYERI BACA BARAMUHAMAGARA  
KUGIRA ASOBANURE IVYO BINTU.  
IMANA ICA IMUHA UGUTAHURA  
KW'URWO RURIMI RUDATAHURITSE.



OOO MWAMI,  
WACUMUYE KU MANA.  
NKUKO ABAVUGISHWA  
BABIVUZE, UBWAMI BWAVE  
BWFASHWE KUVA MURI  
RINO JORO HANYUMA  
BUCA BUHARWA ABAMEDI  
N'ABAPERESI.

UMUSIGUZI 12:13-14,  
YESAYA 9:6-7, 45:1,  
DANIYERI 2:34-  
35, 44-48, 5:1-29,  
IVYAHISHUWE 20:11-21:5




ABAVUGISHWA BARI  
BAVUGISHIJE KO  
UMWANSI AZOFATA  
BABIRONI MU MPISHO  
YINJIRANE IMIRYANGO  
IBIRI ITUMA AMAZI YINJIRA  
MU GISAGARA. ABANTU  
B'I BABIRONI BAZOBA  
BANYOYE CANE KUBURYO  
NTAVYO BAZOBONA. KAHISE  
KEREKANA KO BABIRONI  
IZOHERA UKO NYENE.

INYUMA Y'ABAMEDI N'ABAPERESI  
BANYAZE BABIRONI, DANIERI  
AVUMBURA GITABO CANDITSWE  
N'UMUVUGISHWA YEREMIYA,  
KIMWE MU GITABO KIRI MURI  
BIBIRIYA. MU GIHE YARIKO  
ARAGISOMA BIRAMUBABAZA  
KUBONA IMANA YARI YARAVUZE  
KUIVA NA MBERE KO UBUNYAGANO  
BW'ABANTU B'I BABIRONI  
BUZOMARA IMYAKA 70 GUSA.



INYUMA ARIKO ABASIGAYE BAZOGARUKA BUBAKE  
YERUSAREMU BUBAKE IBIHOME BONGERE BUBAKE N'INGORO.  
ABANDANIJE ASOMA, AVUMBURA KO IMBERE Y'IMYAKA 200  
UMUVUGISHWA YESAYA YARI YARAMAZE GUTANGA IZINA  
RY'UMWAMI W'ABAPERESI AZOTEGEKA KUGARUKA KWABO.



LIBU HARI HAMAZE KURANGIRA  
IMYAKA 69... HASIGAYE UMWAKA  
UMWE GUSA. KIVUGA YUKO SIRUS ARI  
UMUKOZI W'IMANA, AKORA LIBUGOMBE  
BW'IMANA . AZOTEGEKA YUKO NONEHO  
TUGARUKA KU BUTAKA BWACU KAVUKIRE!  
HAHEZAGIRWE WEWE, MWAMI MANA,  
MANA YACU, UMWAMI W'ISI YOSE.

NKUKO IMANA YABISEZERANIYE  
ABURAHAMU, UBU BUTAKA YARAMAZE  
KUBUDUHA KUBW'IBIHE BIDASHIRA. YABWIYE  
BA DATA IBAHA GASOPO KO TUZOCUNGURWA  
TUVE MU MINWE Y'ABANSI MU GIHE TUZOBA  
TWAKOREYE IZINDI MANA, ARIKO YARASEZERANYE  
KO ITAZOKWIGERA YIBAGIRA ABANTU BAYO.  
IMANA YARAGUMIJE IJAMBO RYAYO. UBU  
RERO KO TWAGARUTSE DUTEGEREZA  
KWUMVIRA.

SIRUS YAREKUYE  
ABAYUDA  
IMYAKA 70 IHEZE  
INYUMA YUKO  
LUBUNYAGANO  
BWABO  
BUTANGUYE,  
NKUKO  
IVYANDITSWE  
VYABIVUZE  
MBERE, HAMA  
ABANTU 52  
000 BASUBIRA  
INYUMA KWUBAKA  
KANDI IGISAGARA.



DUTEGEREZWA KWIPANGA.  
TUZOKWUBAKA KANDI IBIHOME  
UBWA MBERE HANYUMA  
DUSUBIRE INGORO.

OOO MWAMI MANA  
MANA YA ABURAHAMU,  
WARATUGARUKANYE NKUKO  
WABISEZERANYE. UTWIGISHE  
KUGENDERA MU NZIRA Zawe.

NAZANYE  
AMAZI MEZA.  
REKA DUTANGURE  
GUKORA.

YESAYA 44:28, YEREMIYA 25:11-  
12, 29:10, DANİYERI 9:1-2

DANIYERI YARI ASHAJE CANE, RERO  
NTIYASHOBOYE GUSUBIRANA INYLUMA  
HAMWE N'ABANDI. ABANDANYA AKORA  
IGIKORWA KIDASANZWE CO GUHANURA  
ABAMI BA MEDO-PERESIYANO, LIBU  
IRI MU GISAGARA CA BABIRONI. IMANA  
IMUHA AYANDI MAYEREKWA MENSHI  
AJANYE NA KAZOZA, EKA NAYO KU  
MUHERO W'ISI. MU NDOTO IMWE  
YAGIZE, ABONA IGIKOKO GIKOZE MU  
CLIMA. UMLUMARAYIKA ACA AMUBWIRA  
ICO BISIGURA.







IMANA IKWERETSE  
IBIZOBA MU MISI YA NYUMA. YARI  
YARABIHISHURIYE NEBUKADINEZA KO  
HAZOBA UBWAMI BUNE. UBU HAMAZE  
KUBA BUBIRI. INYUMA YA MEDO-  
PERESIYANO HAZOZA GERESIYANO.  
IZONYAGA VUBA VUBA ARIKO IZOCA  
ITEMBA VUBA HAMA IGABURWE MU  
BWAMI BUNE, BUZORWANA HAGATI  
YABWO. BUZORWANA IMYAKA GUSHIKA  
UBWAMI BWA KANE BUNYAZWE,  
NINACO ICO GIKOKO C'ICUMA  
GISIGURA.



UBWAMI BWA KANE  
BUZOBA NK'IPASI, BUFISE  
UBSHOBOZI KANDI BUBANGUTSE  
KURUTA UBWATANGUYE. BUZONYAGA  
BWOSE, ARIKO MU MISI YANYUMA  
UBWO BWAMI BUZOGABURWA MU  
MAHANGA. RERO, HAZOHAGURUKA  
UMUNTU YATURE AMAHORO GUSA.  
NI NK'IKENGERI YA NYUMA IZOBA  
IVUYE KU MUTWE W'ICO GIKOKO.  
MU MISI YA NYUMA AZOKWIRAGIZA  
HANYUMA ASEZERANE AMAHORO,  
ANYAGE HANYUMA ASANGAGURE.  
AZOSHIRAHU IBINTU BITEMEWE MU  
KIBANZA CERA, MU NGORO Y'ABAYUDA  
ATUME BABIHIMBAZA BAVYIGINIRE  
KUGIRA NGO IVY'IBIMAZI BIHAGARARE.  
HAZOGERA IGIHE HAZOBA IKIBAZO  
GIKOMEYE MW'ISI YOSE, ARIKO  
UMUGOROROTSI AZOCUNGURWA.

"DANIYERI, IMANA IKENEYE  
UMENYE IBINTU BIZOBA N'IGIHE  
BIZOBERAKO. KUVA IGIHE ITEGEKO  
RYATANZWE RYO KUNAGURA  
NO KWUBAKA KANDI INGORO,  
HAZOBA IMYAKA 483, INYUMA  
Y'IVYO MESIYA AZICWA KUGIRA  
ARIHE IVYAHA VY'ABANTU,  
HANYUMA KANDI INGORO  
IZOSUBIRA GUSAMBURWA.



UBU BUVUGISHWA BUZOSHITSWA  
HANYUMA MESIYA ACA  
ASIRWA AMAVUTA. HAZOBAHO  
UKWIYUNGA BICIYE KU VYAHA,  
HANYUMA UKUGOROROKA  
KW'IBIHE BIDASHIRA KUZOZANWA  
KU MWANA W'UMUNTU. "

NKUKO DANİYERI YABIVUZE,  
MESIYA YINJIRA MU  
CUBAHIRO YERUSAREMU  
URYA MUSI NYENE  
IMYAKA 483 YARI IKWIYE  
NEZA NA NEZA.



IMANA YABWIYE ADAMU  
NA EVA KO URLUVYARO  
RW'UMUGORE RUZOZA  
HANYUMA RUSZNGANGURE  
IKIBI. YABWIYE NOWAK  
O MESIYA AZOVA MU  
MURYANGO WA SHEMU,  
APANA YAFETI, KANDI  
APANA HAMU.

ITANGURIRO 49:9-10, ZABURI 22, 53,  
YESAYA 7, 9:1-2, 42:1, 49:6,  
IGICE CA 53, DANİYERI 9:25-26,  
MIKA 5:2, ZEKARIYA 9:9,  
MATAYO 24:1-2, ABAHEBURAYO 2:9

IMANA YABWIYE ABURAHAMU  
KO LWUZOBOHORA AZOVA  
MU BAKOMOKA KURI ISAKA  
UMUHUNGU WIWE.

IMANA YABWIYE ISAKA KO  
LW'ISEZERANO AZOVA MU  
BAKOMOKA KURI YAKOBO  
UMUHUNGU WIWE, HAMA IBWIRA  
YAKOBO KO KRISTO AZOVA KURI  
YUDA.

UBUVUGISHWA BWINSHI BURASHE  
BW'UWASEZERANYWE KO AZOBA  
UMUCUNGUZI BWAGIYE BUTANGWA  
N'ABAVUGISHWA BATANDUKANYE.

BAVUGA KO UKUBAHO KWIWE  
KUZOBAHO IBIHE BIDASHIRA, KO  
AZOVUKA KU NKUMI Y'ISUGI, MU  
GISAGARA CITWA BETEREHEMU  
I BUYUDA, AZOBA ACIYE BUGUFI  
UMURAVYE, ARI HASI CANE YIGIRA  
KU NDOGOBA.

UMWAMI MANA AZOMUSHIRAKO  
MPWEMU YIWE, HANYUMA  
ACE ACIRA URUBANZA  
ABANYAMAHANGA.

AZOBA UMUCO KURI BO,  
HANYUMA ATWARE AGAKIZA KU  
BANTU BOSE BABA MW'ISI.

AZOBABAZWA NKA MESIYA,  
HAMA ATABWE N'ABIWE,  
HAMA APFE IBIGANZA VYIWE  
N'AMAGURU BITOBAGUWE.

AZOMANIKWA ARI GUSA HAMA  
AGIRE INYOTA ARIKO MU  
GISHINGO C'AMAZI BAZOMUHA  
VINO Y'INKARISHA.

AZOPFA ARI HAGATI Y'IBISUMA  
HANYUMA AHAMBWE  
MW'ITONGO RY'UMUTUNZI.

UBUVUGISHWA BWA  
DANIYERI BUVUGA KURI  
BURYA BWAMI BUNE  
BWARASHITSE KURYA NYENE  
NKUKO VYARI VYARAVUZWE  
MBERE. MU MWAKA WA  
330 IMBERE YA KRISTO,  
ALEXANDER THE GREAT, AVA  
MU BUGIRIKI, YATANGUYE  
IGIKORWA CAMAZE IMYAKA  
INDWI, HANYUMA MURI ICO  
GIKORWA ACA AVUMBURA  
ISI IZWI, USHIZEMWO RYA  
HANGA RYAGUTSE RYITWA  
MEDO-PERISIYANO.

UBUGIRIKI BUCA BUGUMANA  
UBUSHOBOZI GUSHIKA MU  
MWAKA WA 167 IMBERE YA  
KRISTO, IGIHE UBWAMI BWA  
KANE, ROMA BWATANGUYE  
KUNYAGA.

ROMA, MURI  
YA NDOTO YA  
NEBUKADINEZA  
ISERUKIRWA NA YA  
MAGURU HAMWE  
N'IBIRENGE  
VY'ICUMA, HANYUMA  
MW'IYEREKWA  
RYA DANIERI,  
NI CA GIKOKO  
C'ICUMA, USHIZEKO  
UBUSHOBOZI BWACO  
HAMWE N'UBUTWARE,  
NKUKO ABAVUGISHWA  
BABIVUZE MBERE. MU  
MWAKA WA 5 IMBERE  
YA KRISTO, CATWAYE  
ISIRAYERI N'IKIGANZA  
C'ICUMA.



# INYUMA Y'IMYAKA 500

IMYAKA 500 IRENGA IRAHERA KUVA AHO  
UBUVUGISHWA BWA DANIELI BUUVUGIWE.

MU MWAKA WA 6 IMBERE YA KRISTO  
ABAROMA BAHU UMWIDEGEMVYO WO  
GUSENGA ABAYUDA ARIKO IKORI RIGUMA  
RIREMEREYE KURI BO. INGORO YARI  
YARAMAZE KWUBAKWA KANDI IKONGERA  
IGAFASHA N'UBUZIMA BW'ABAYUDA.

BENSHI BARI BARIBAGIYE UBUVUGISHWA  
BWA MESIYA AZOZA, ARIKO ABANDI  
BARAGUMANA IRYO TEGEKO MURI BO  
BARINDIRA KRISTO. MURI ABO RERO  
HARIMWO UMUTAMA YITWA SIMEYONI.

YARI UMUGABO YEJEJWE YARI  
ARINDIRIYE KUBONA IVYO UBUVUGISHWA  
BWAUVUZE. HARI HAHEZE IMYAKA ASOMA  
UBUVUGISHWA HANYUMA ARAMENYA KO  
IGIHE CEGEREJE. ARIKO YARI ASHAJE  
KUBURYO ATA MYAKA YO KUBAHO IGIHE  
KIREKIRE YARI ASIGARANYE. HARI HAHEZE  
IMYAKA 4000 IMANA ISEZERANIYE EVA  
KO URUVYARO RWIWE RUKOZA HANYUMA  
RUSAMBURE IGIKORWA CA WA MUBI.

UBU RERO HARI HAGEZE. UBUVUGISHWA  
BURENGA 350 BWARI BWITEGUYE  
GUSHITSWA.



<https://goodandevilbook.com/>